# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ

## КОНЦЕССИЯЛАР ҲАҚҚЫНДА
(жаңа редакция)

Бул редакция 28.06.1996-ж. 181/I-санлы ҚР Нызамы менен тастыйықланған

## I. Улыўма режелер

### 1-статья. Концессия түсиниги

Концессия сырт ел инвесторына хожалық жумысының белгили бир түри менен шуғылланыў ушын мәмлекет атынан берилетуғын руқсатнама болып, бул жумысты әмелге асырыў ушын мәмлекет оған концессия шәртнамасын дүзиў тийкарында мүлклерди, жер қыйтақларын ҳәм жер асты байлықларын тапсырады.

### 2-статья. Концессиялық жумысты нызамлар менен тәртипке салыў

Концессиялық жумыс процессинде пайда болатуғын ҳуқықый қатнасықлар усы нызам менен ҳәм Қарақалпақстан Республикасының басқа да нызам актлери менен тәртипке салынады.

### 3-статья. Концессиялық жумыстың тийкары

Қарақалпақстан Республикасында концессиялық жумыс төмендегилер тийкарында әмелге асырылады:

өз-ара пайдалылық;

концессияшыларды таңлаў, аукцион тийкарында сайлап алыў;

концессияшының Қарақалпақстан Республикасының ҳәрекеттеги нызамларына муўапық әмелге асырып атырған хожалық жумысына араласпаў;

мийнетти қорғаў, тәбияттан пайдаланыў ҳәм қоршап турған орталықты қорғаў, экологиялық ҳәм санитария-гигиеналық қәўипсизлик тараўында Қарақалпақстан Республикасында ҳәрекет етип турған нызамларды сақлаў;

егер Өзбекстан Республикасы қатнасқан халық аралық шәртнамалар ямаса келисимлерде басқа шәртлер нәзерде тутылған болмаса, Өзбекстан Республикасында ҳәрекет етип турған стандартлар ҳәм нормативлик хүжжетлерге муўапық исленетуғын өним ислеп шығарылыўын тәмийинлеў.

### 4-статья. Концессия объектлери

Сырт ел инвесторына мүлклерди, жер қыйтақларын ҳәм жер асты байлықларын бериў менен байланыслы болған хожалық жумысының Қарақалпақстан Республикасы нызамлары менен қадаған етилмеген айырым түрлери концессия объектлери болып табылады.

**5-статья. Концессиялық ҳуқықый қатнасықлардың субъектлери**

Концессиялық ҳуқықый қатнасықлардың субъектлери төмендегилер болып табылады:

концессия уйымлары - Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен ўәкиллик берилген мәмлекетлик басқарыў уйымы, сондай-ақ, орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары;

концессияшы -концессиялық шәртнама дүзген сырт ел инвесторы.

**6-статья. Концессиялық жумыста меншик қатнасықлары**

Мәмлекет концессияшыға концессиялық жумыс пенен байланыслы мүликлерге, жер қыйтақларына ҳәм жер асты байлықларына ийелик етиў ҳәм олардан пайдаланыў ҳуқықын бере отырып, оларға бийлик етиўден ибарат айрықша ҳуқықты өзинде сақлап қалады.

Концессияшының концессиялық жумыс нәтийжесинде алған өнимлери ҳәм дәраматлары концессиялық шәртнамада белгиленген көлемлерде оның меншиги болып табылады.

Қарақалпақстан Республикасы концессияшыдан өним сатып алыўда артықмаш ҳуқыққа ийе болады.

## II. Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларының концессиялық қатнасықларды тәртипке салыўдағы ўәкилликлери

**7-статья. Концессиялық қатнасықлар тараўында мәмлекетлик басқарыў**

Концессиялық қатнасықлар тараўында мәмлекетлик басқарыў Министрлер Кеңеси, тийисли ўәкиллик берилген мәмлекетлик басқарыў уйымы, сондай-ақ, орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары тәрепинен әмелге асырылады.

**8-статья. Министрлер Кеңесиниң ўәкилликлери**

Концессиялық қатнасықлар тараўында төмендеги Министрлер Кеңсиниң бийлигинде болады:

концессиялық жумыстың артықмашлық берилген бағдарларының программаларын ислеп шығыў;

концессия бериў ушын таңлаўлар ҳәм аукционлар өткериўдиң тәртибин ҳәм шәртлерин белгилеў;

концессиялық жойбарлар ҳәм программаларды мәмлекетлик экспертизадан өткериўдиң тәртибин белгилеў;

концессиялық шәртнамаларды дизимге алыў тәртибин белгилеў;

концессияға бериўге болмайтуғын ямаса бериў шекленген объектлердиң дизимин белгилеў;

концессиялық шәртнамалар шәртлериниң сақланыўын қадағалаўды шөлкемлестириў;

концессиялық қатнасықлар тараўында басқа да мәселелерди нызамларға муўапық шешиў.

**9-статья. Ўәкиллик берилген мәмлекетлик басқарыў уйымының ҳуқықлары**

Концессиялық қатнасықлар тараўында төмендегилер ўәкиллик берилген мәмлекетлик басқарыў уйымының бийлигинде болады:

таңлаўлар ҳәм аукционларды шөлкемлестириў және өткериў;

өзине берилген ўәкилликлер шеклеринде концессиялық шәртнамалар дүзиў;

нызамларға муўапық басқа да мәселелерди шешиў.

**10-статья. Орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият ўйымларының ўәкилликлери**

Концессиялық қатнасыўлар тараўында төмендегилер орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының бийлигине киреди:

концессиялық шәртнамалар дүзилиўи мүмкин болған өз қараўындағы объектлерди анықлаў;

өз қараўындағы объектлер бойынша таңлаўлар ҳәм аукционлар шөлкемлестириў және өткериў;

өзлерине берилген ўәкилликлер шеклеринде концессиялық шәртнамалар дүзиў, сондай-ақ өзлериниң аймақларындағы объектлер бойынша басқа концессиялық шәртнамалардың шәртлерин келисиў;

концессиялық қатнасықлар тараўында басқа да мәселелерди нызамларға муўапық шешиў.

## III. Концессиялар бериў тәртиби ҳәм шәртлери

**11-статья. Концессиялық усынысларды таярлаў**

Концессиялық усыныслар концессиялық уйымлар тәрепинен концессиялардың Қарақалпақстан Республикасы ушын әҳмийетли ҳәм экономикалық тәрепинен мақсетке муўапықлығына қарап таярланады ҳәм жумыс түрин анықлаўды және берилетуғын мүликтиң дизимин өз ишине алады.

**12-статья. Концессияларды бериў тәртиби**

Концессияларды бериў таңлаўлар, аукционлар тийкарында әмелге асырылады. Айрықша жағдайларда, концессиялар бериў концессиялық уйым ҳәм потенциал инвестор арасында тиккелей сөйлесиўлер жүргизиў тийкарында, Министрлер Кеңесиниң усынысы менен Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Кеңеси шешими бойынша әмелге асырылады.

Концессиялар биреўдиң таңлаў ямаса аукционлық усылын концессиялық уйымы таңлап алады.

**13-статья. Таңлаўларды, аукционларды шөлкемлестириў ҳәм концессиялық шәртнамаларды дүзиў**

Концессия бойынша таңлаў, аукцион өткериў ҳаққындағы хабар үш ай бурын, айрықша жағдайларда бес ай бурын ғалаба хабар қуралларында жәрияланып, оларды өткериў ҳәм орны, сондай-ақ арзалар бериў мүддети көрсетиледи.

Таңлаўда, аукционда қатнасыў ушын арзалар потенциал концессияшылар тәрепинен концессиялық уйымға жибериледи.

Концессиялық шәртнама сырт ел инвесторы ҳәм тийисли концессиялық уйым арасында дүзиледи ҳәм дизимнен өткизилген ўақтынан баслап күшине киреди.

**14-статья. Таңлаўда, аукционда қатнасыў ушын арзаны қабыл етиўден бас тартыў**

Таңлаўда ҳәм (ямаса) аукционда қатнасыў ушын арзаны қабыл етиўден төмендеги жағдайларда бас тартылыўы мүмкин:

концессия бериў ҳаққындағы арзаны белгиленген талапларды бузыў менен бериў;

арза бериўшиниң өзиниң финанс ҳәм техникалық мүмкиншиликлери ҳаққында натуўры мағлыўматлар бериўи;

**15-статья. Концессиялық шәртнамалардың мазмуны**

Концессиялық шәртнама төмендегилерди өз ишине алады:

шәртнаманың неге тийисли екенлиги, берилип атырған мүликтиң қурамы ҳәм қуны;

жер қыйтақлары ҳәм жер асты байлықларының кеңислик шегаралары;

концессиялық шәртнаманың ҳәрекет етиў ҳәм жумыстың басланыў мүддетлери;

тәреплердиң ҳуқықлары ҳәм миннетлери;

белгиленген салықлар ҳәм басқа да төлемлердиң муғдары, оларды төлеў тәртиби мүддетлери;

ҳәр жылға инвестициялардың саррас белгиленген муғдары ҳәм оларды ажыратыў мүддетлери, сондай-ақ ислеп шығылған бизнес-жобаға муўапық шығарылатуғын өним көлеми;

қоршап турған орталықты қорғаў ҳәм жумысларды қәўипсиз алып барыў талаплары;

концессиялық жумыс процессинде алынатуғын мәлимлемеге тәреплердиң ҳуқықы;

хызметкерлерди жаллаў, оқытыў, жумыс үйретиў ҳәм қамсызландырыўдың Қарақалпақстан Республикасының нызамларына қайшы келмейтуғын шәртлери;

мүликти, жер қыйтақларын ҳәм жер асты байлықларын басқышпа-басқыш қайтарып бериў тәртиби ҳәм шәртлери;

айрықша ҳәм алдын алып болмайтуғын жағдайлардың юридикалық, экономикалық ҳәм шөлкемлестириўшилик ақыбетлери;

даўларды шешиў тәртиби, шәртнама шәртлерин бузғаны ушын тәреплердиң жуўапкершилиги;

тәреплердиң финанслық кепилликлери, юридикалық мәкан жайы ҳәм банк реквизитлери;

концессиялық шәртнаманы өзгертиў ҳәм тоқтатыў шәртлери.

Концессиялық шәртнамаға ҳәрекет етип турған нызамларға қайшы келмейтуғын басқа да шәртлер киргизилиўи мүмкин.

### 16-статья. Концессияшының төлейтуғын төлемлери

Концессияшы төмендеги төлемлерди төлейди:

концессиялық шәртнаманы дизимге өткергени ушын төлем;

концессия ушын концессиялық шәртнамада белгиленген тәртипте төленетуғын төлем;

Қарақалпақстан Республикасының нызамлары менен нәзерде тутылған салықлар ҳәм басқа да төлемлер.

### 17-статья. Концессиялық шәртнаманың ҳәрекет етиў мүддети

Концессиялық шәртнама он бес жылға дейинги мүддетке дүзиледи. Зәрүр болған жағдайларда Министрлер Кеңесиниң шешими менен шәртнама созылыўы мүмкин.

### 18-статья. Концессиялық шәртнамаларды өзгертиў ҳәм бийкар етиў

Концессиялық шәртнама шәртлерин өзгертиўге шәртнамада белгиленген тәртипте ямаса тәреплердиң келисими бойынша жол қойылады.

Концессиялық шәртнама тәреплердиң өз-ара келисими бойынша ямаса тәреплердиң бири шәртнама шәртлерин бузған жағдайда судтың қарары менен, сондай-ақ, концессиялық шәртнама дүзиў ўақтында усынған мағлыўматлары натуўры екенлиги анықланған жағдайда концессиялық уйым тәрепинен бийкар етилиўи мүмкин.

Концессиялық шәртнама Мәмлекетлик реестрден шығарып тасланған ўақтынан баслап тоқтатылады.

**19-статья. Концессиялық шәртнамалар бойынша ҳуқықлар ҳәм миннетлердиң басқаларға өтиўи**

Концессиялық шәртнама тәреплериниң бири қайта шөлкемлестирилген жағдайда оның ҳуқықлары ҳәм миннетлери, егер Қарақалпақстан Республикасының нызамларында ямаса шәртнама шәртлеринде басқаша тәртип нәзерде тутылған болмаса, оның ҳуқықый мийрасхорларына өтеди.

Концессияшының ҳуқықларын, концессиялық шәртнама объектлериниң ҳәммесин ямаса бир бөлегин үшинши тәреплерге бериў концессиялық уйымның келисими бойынша әмелге асырылады.

**20-статья. Қамсызландырыў**

Концессияшы концессиялық шәртнамаға байланыслы тәўекелшиликти, концессиялық жумысты ҳәм өзиниң хызметкерлерин өз бетинше ғәрезсиз түрде қамсызландырады.

## IV. Концессияшының ҳуқықлары ҳәм миннетлери

**21-статья. Концессияшының ҳуқықлары**

Концессияшы төмендеги ҳуқықларға ийе болады:

ажыратылған жер қыйтақларынан, суў ресурсларынан, энергия бериўши дәреклерден, инженерлик коммуникациялардан Қарақалпақстан Республикасының нызамларына муўапық пайдаланыў, пайдаланып атырған аймақта имаратлар, қурылыслар, шақапша жоллары, тас жоллары, телеграф ҳәм телефон байланыс линияларын қурыўы;

мүликтиң қурамына оның қунын асыратуғын өзгерислерди өз бетинше киргизиў, оны қайта қурыў, кеңейтиў, техника менен қайта қураллландырыў;

өзиниң өндирислик мүтәжликлери ҳәм хызметкерлердиң жеке мүтәжликлери ушын мүликлер ҳәм зәрүрли материаллар алып келиў;

өзиниң мүлкин ҳәм өзи ислеп шығарған өнимди алып шығып кетиў;

Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик уйымларының ҳәм лаўазымлы адамлардың нызамсыз ҳәрекетлери үстинен судқа шағым етиў.

Концессияшы Қарақалпақстан Республикасының нызамлары менен нәзерде тутылған басқа да ҳуқықларға ийе болады.

**22-статья. Концессияшының миннетлери**

Концессияшы төмендегилерге миннетли болады:

концессиялық шәртнаманың шәртлерин сақлаў;

хожалық жумысын Қарақалпақстан Республикасының нызамларына ҳәм концессиялық шәртнамаға қатаң муўапық түрде әмелге асырыў;

концессиялық шәртнаманың ҳәрекет етиўи тамам болғаннан ямаса ол бийкар етилгеннен кейин еки ай мүддет ишинде шәртнамаға муўапық өзине

берип қойылған мүликти ҳәм объектлерди концессиялық уйымларға қайтарып тапсырыў, сондай-ақ, өзиниң мүлкине бийлик етиў;

есап жүргизиў ҳәм есап бериўди Қарақалпақстан Республикасының нызамлары менен белгиленген тәртипте алып барыў;

Қарақалпақстан Республикасының нызамларында нәзерде тутылған басқа да миннетлерди атқарыў.

### 23-статья. Концессияшының алатуғын пайдасы

Салықларды ҳәм басқа да төлемлерди төлегеннен кейин концессияшыда қалатуғын пайда оның толық бийлигине өтеди.

## V. Жуўмақлаўшы режелер

### 24-статья. Даўларды қарап шығыў тәртиби

Концессияшы менен концессиялық уйым арасындағы даўлар, егер Өзбекстан Республикасының халық аралық шәртнамалары ҳәм келисимлеринде басқа тәртип нәзерде тутылған болмаса, Қарақалпақстан Республикасының хожалық судларында қарап шығылыўы тийис.

Концессияшының өз жумысына байланыслы мәселелер бойынша Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик кәрханалар, жәмийетлик бирлеспелери ҳәм басқа да юридикалық жәнe физикалық тәртиплер менен даўлары, сондай-ақ концессияшылар арасындағы даўлар Қарақалпақстан Республикасының судларында, сондай-ақ, тәртиплердиң келисими бойынша сырт елде арбитражлық ҳәм басқа мәпдар емес тәреплер таманынан көрип шығылыўы керек.

### 25-статья. Концессиялық қатнасықлар субъектлериниң жуўапкершилиги

Концессиялық шәртнама дүзген тәреплер оның орынланыўы ушын Қарақалпақстан Республикасының нызамларында ҳәм шәртнамада нәзерде тутылған тәртипте жуўапкер болады.

### 26-статья. Халық аралық шәртнамалар ҳәм келисимлер

Егер Өзбекстан Республикасының халық аралық шәртнамаларында ямаса келисимлеринде усы Нызамда нәзерде тутылғаннан басқа режелер белгиленген болса, онда халық аралық шәртнама ямаса келисимниң режелери қолланылады.